уделять выбору методов обучения и воспитания обучающихся. Так, рефлексивные методы расширяют представления обучающихся о себе и окружающих, методы театральной педагогики способствуют самореализации, развитию эмпатии, эмоциональной отзывчивости младших школьников, дискуссионные методы дают возможность самостоятельного поиска, развивают коммуникативную сферу личности.

## Литература


1. Асмолов А.Г., Шехтер Е.Д., Черноризов А.М. Преадаптация к неопределенности как стратегия навигации развивающихся систем: маршруты эволюции в журнале. // Вопросы психологии. –М.:«Педагогика». 2017, № 4, -С. 3-26.
2. Баранова О.И. Средства формирования умений самоконтроля и рефлексии у младших школьников в аспекте валеологического подхода: учебно-методическое пособие. – Краснодар: «Новация»,2016,-С. 100.
3. Голубева М.В. Рефлексивное обучение как основа развития творческого мышления студентов. // Научный поиск, №1 (11): изд-во: Технологический центр «Шуя», - 2014, -С. 22-26.
4. М.И. Рожков Концепция экзистенциальной педагогики. //Ярославский педагогический вестник, №4 (33) 2002.
5. Ступина С.Б. Технологии интерактивного обучения в высшей школе: учебно-методическое пособие. -Саратов: 2009. – С.24
6. Хоменко И.А. К вопросу об экзистенциальном развитии ребенка как субъекта жизнедеятельности. //Вестник Нижегородского университета им. Н.И.Лобачевского. 2010. - №3. – С.376-380



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «экзистенциал ривожланиш» тушунчаси кўрилиб, таълимдаги экзистенциал ёндашувнинг қўлланилиш принциплари кўрсатилган ва кичик ёшдаги ўқувчиларнинг экзистенциал ривожланишининг педагогик услублари ажратилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается понятие «экзистенциальное развитие», представлены принципы реализации экзистенциального подхода в образовании, выделены и описаны педагогические способы экзистенциального развития младших школьников.

**SUMMARY**

The article discusses the concept of "existential development", presents the principles for the implementation of the existential approach in education, identifies and describes the pedagogical methods of existential development of primary schoolchildren.


## МЕКТЕП ОҚЫЎШЫЛАРЫНДА ТАРИЙХЫЙ БИЛИМЛЕРДИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ УСЫЛЛАРЫ


**Т.С.Ганиев –** *үлкен оқытыўшы*

*Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў Аймақлық орайы*



**Таянч сўзлар:** халқаро стандарт, таълим, ислоҳот, инновация, педагогик технология, тарих, тарихий атамалар, ребус, матндаги хатолар.

**Ключевые слова:** международный стандарт, образование, реформа, инновация, педагогическая технология, история, исторические термины, ребус, ошибки в текстах.

**Key words:** international standard, education, reform, innovation, pedagogical technology, history, historical terms, rebus, errors in texts.


Заман талабы менен мәмлекетимизде халық хожалығының барлық тараўларына халықаралық стандарт нормалары енгизилмекте. Бул- теңлер ишинде тең болыў, дүнья мәмлекетлери менен тең қәдем таслаў ушын үлкен имканият. Бул нормалар ҳәр бир қәнигеден өз жумысына деген үлкен жуўапкершиликти, излениўшиликти, басламашылықты, дөретиўшиликти, пидайылықты талап етпекте.

Бүгинги күни мәмлекетимизде билимлендириўдиң сапасын арттырыў ең бир әҳмийетли мәселелерден бири болып, буның ушын жетерли имканиятлар жаратылған. Оқыўшыларға халықаралық стандарт нормалары тийкарында тәлим-тәрбия бериў, оқытыўдың жаңаша форма ҳәм усылларын кеңнен пайдаланыўға айрықша итибар қаратылмақта [1].

Бул мәселеге Президентимиз Ш.М.Мирзиёев Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине Мүрәжатында және де айдынлық киритип «Мектеп оқыў бағдарламаларын алдыңғы сырт ел тәжирийбеси тийкарында жетилистириў, оқыў жүклемелерин ҳәм пәнлерин қайта көрип шығыў, оларды халықаралық стандартларға сәйкеслендириў, сабақлық ҳәм әдебиятлардың сапасын арттырыў зәрүрлигин” және бир мәртебе атап көрсетти.

Сондай-ақ, Мүрәжатта Өзбекстанды раўажланған мәмлекетке айландырыўды мақсет етип қойған екенбиз, буған тек жедел реформалар, илим-билимлендириў ҳәм инновация менен ерисе алыў мүмкинлиги, буның ушын бәринен бурын басламашы болып ортаға шығатуғын, узақты гөзлеп пикир жүргизе алатуғын, билимли ҳәм тәжирийбели жаңа әўлад кадрларын тәрбиялаўымыз зәрүрлигине айрықша итибар қаратылып, бул мақсетлерге ерисиўде бақшадан баслап жоқары оқыў орнына шекем – билимлендириўдиң барлық бууынларын реформалаў басланғанлығы айрықша атап өтилди [2].

Бүгинги глобалласыў дәўиринде улыўма билим бериў мектеплеринде тарийх пәнин оқытыўда жаңаша қатнас жасаў, сол арқалы тарийхымызды еле де тереңирек үйрениў, өсип киятырған жас әўлад санасында миллий мақтаныш, ўатанға садықлық сезимлерин қәлиплестириў, бул - барлық пән оқытыўшыларының алдында турған ең бир жуўапкершиликли ўазыйпалардан болып есапланады.

Тарийх сабақларында оқыўшылардан тарийхый ўақыялар, олардың келип шығыў себеплери, ақыбетлери, ўақыя жүз берген тарийхый сәнелер, тарийхый шахслар, олардың хызметлерин тарийхый мәкан ҳәм заман көзқарасынан үйрениў, билиў менен бирге тарийхый атамаларға да айрықша итибар қаратыў талап етиледи. Себеби, ҳәр бир темада оқыўшылар кеминде 5-6 тарийхый атама, олардың мазмуны менен танысады. Олардың мазмунын билиў, есте сақлап қалыў ҳәр бир оқыўшыдан зийрекликти, билимлиликти талап етеди.

Оқыўшыларға тарийхый атамалар, олардың мазмунын жеткерип бериў, оларда тереҳ түсиник пайда етиўде оқытыўдың жаңаша усылларынан пайдаланыўды мақсетке муўапық деп ойлаймыз.

Тарийхый атамалар мазмунын өзлестириўде «Түсиниклер анализи» методынан пайдаланыў жақсы нәтийже береди. Себеби, бул метод өтилген оқыў предмети бойынша темаларды оқыўшы тәрепинен ядқа түсириў, бир тема бойынша оқытыўшы тәрепинен берилген атамаларға өзбетинше жуўмақ бериўи, сол арқалы өз билимлерин тексерип баҳалаўға имканият жаратыў ҳәм оқытыўшы тәрепинен қысқа ўақыт ишинде бир неше оқыўшыны баҳалай алыўға бағдарланған [3:63].

Бул методты сабақтың өтилген теманы тәкирарлаў, жаңа теманы беккемлеў басқышларында жеке ҳәм киши топарларда қолдансақ болады. Буның ушын оқытыўшыдан атамалар жазылған тарқатпа материаллар талап етиледи. Сондай-ақ, методты тахта жәрдеминде де әмелге асырыўға да болады.

Методты қолланғанда дәслеп оқыўшылар киши

топарларға бөлинеди. Оқыўшылар методтың ислеў принципи менен таныстырылады. Тарқатпа материаллар топарларға тарқатылады. Оқыўшы дәслеп жеке түрде өтилген тема бойынша тарқатпа материалларда берилген атамалар менен танысады ҳәм үйренген билимлери тийкарында атамалар мазмунын дәптерлерине жазады. Оқытыўшы тарқатпа материалда тема бойынша берилген тарийхый атамаларды оқыйды ҳәм жәмәәт пенен биргеликте ҳәр бир тарийхый атамаға дурыс жуўапты белгилейди ҳәм оқыўшыларды таныстырады. Ҳәр бир оқыўшы дурыс жуўап бенен өз жуўапларын салыстырып, керекли жуўмаққа ийе ийе болады, өзөзин тексереди, баҳалайды, сондай-ақ билимлерин және бир мәртебе беккемлейди.

Бул методты тарийх сабақларында еки усылда қолланыў мүмкин. Биринши усылда кестеде тема бойынша үйренилген атамалар бериледи. Оқыўшылардан атаманың мазмунын жазыў талап етиледи.

Екинши усылда пайдаланғанда оқыўшыларға үйренилген тарийхый атамалардың мазмуны бериледи, оқыўшылар атаманы табыўы керек болады.

Сондай-ақ, тарийхый атамалар менен ислесиўде «Еки тәрепли күнделик» методынан да пайдалансақ болады [4:7]. Бул методты өтилген теманы тәкирарлаў, жаңа теманы беккемлеў, оқыўшыларға үйге тапсырма ретинде бериўге пайдалансақ та болады.

Методты әмелге асырыў ушын оқыўшыларға кесте жәрдеминде тапсырма бериледи. Кестениң биринши бағанасына тема даўамында үйренилген тарийхый атамалар жазылады. Кестениң екинши «Берилген тәрип» деген бағанасына оқыўшылар тема бойынша үйренилген атамаларға сабақлықтан пайдаланған ҳалда берилген илимий тәрипти, «оқыўшының тәрипи» деген үшинши бағанаға өзиниң тарийхый атама мазмунын қандай дәрежеде түсингенлигин, яғный пикирин жазыўы талап етиледи.

Бул методларды тарийх сабақларында қолланыўдың абзаллығы, өтилген темалар бойынша оқыўшылардың билимлерин, есте сақлап қалыў қәбилетлерин анықлаўға жәрдем береди, раўажландырады, өзин-өзи баҳалаўға үйретеди ҳәм пикирлеў дүньясын кеңейтеди, оқыўшылар тарийхый атамалардың атын есте сақлап қалады, мазмунын түсинеди, оқытыўшыдан артықша ресурс талап етилмейди, класс тахтасы менен ислесиў имканиятын береди, қысқа ўақыттың ишинде оқыўшылардың өзлестириў дәрежесин анықлаў ҳәм баҳалаўға да жәрдем береди.

Сондай-ақ, тарийх сабақларында оқыўшылар болып өткен тарийхый ўақыялар, сәнелер, тарийхый шахслар, атамаларды билиў, есте сақлаў менен бирге, болып өткен тарийхый процеслерге баҳа бериўи, анализлеўи, тийисли жуўмақлар шығарыўы, тарийхый ўақыялықты логикалық избе-изликте түсиниўи ҳәм түсиндире алыўы талап етиледи. Бул билимлерди қәлиплестириўде заманагөй оқытыў усыллары, сабақтың көргизбели болыўы үлкен әҳмийетке ийе болып табылады.

Тарийх сабақларында «Машқала» технологиясынан пайдаланыў да жақсы нәтийже береди. Себеби, бул технология оқыўшыларды ойлаўға, сын пикирлеўге қаратылған [5:38]. Бул технологиядан пайдаланылғанда оқыўшыларға қандай да бир машқала сүўретленген картина көрсетиледи, машқалалы текст оқып бериледи, фильмлер көрсетиледи. Оқыўшылар картинада, текстте ямаса фильмде қандай машқала сүўретленгенлигин табады, атамасын қояды. Оқыўшылар машқаладан келип шыққан ҳалда оның келип шығыў себеплери, ақыбетлери хаққында пикир жүргизеди, усы машқаланың алдын алыў бойынша сол дәўир көзқарасынан келип шыққан ҳалда пикир, усынысларын билдиреди.

Бул технологияны жаңа теманың беккемлеў басқышында оқыўшыларды киши топарларға бөлген ҳалда әмелге асырсақ болады. Бунда киши топарлардан берилген машқала бойынша ҳәр қыйлы пикир, усынысларды тыңлаў имканияты болады. Сабақ жуўмағында болса, оқытыўшы оқыўшылар тәрепинен билдирилген пикир, усынысларды тийкарлап бериўи талап етиледи ҳәм машқала бойынша жуўмақ жасалады. Солай екен, Рубенштейнниң атап көрсеткениндей: “Пикирлеў-бул машқалалы жағдайдан басланады”.

Бул технология оқыўшыларды ҳәр қандай машқалалы жағдайда да өзлериниң пикирине, шешимине ийе болыў ҳәм оны басқаларға өткизе алыўға үйретеди, оларда тарийхый билимлер менен бирге турмыслық тәжирийбени де арттырады.

Тарийх сабақларында “Ребус” (сүўретли жуўмақлар)лардан пайдалансақ жақсы нәтийже береди. Бул методты әмелге асырыў ушын тема мазмунынан келип шыққан ҳалда оқыўшыларды логикалық пикирлеўге қаратылған сүўретлер усыныс етиледи. Оқыўшылар сүўретлерде жасырынған жуўмақланған ой-пикир, тарийхый ўақыялықты табыўы керек болады.

Оқыўшылар бул метод арқалы берилген сүўретлердиң қайсы тәреплерине тийкарғы дыққат қаратыў кереклигин, олардың өзара логикалық байланысын анықлайды, үйренген тарийхый билимлерин беккемлейди, ҳәр қандай сүўреттиң өзине тән мазмун-мәниске ийе екенлигин түсинеди, пикирлерин улыўмаластырып жуўмақ шығарыўға үйренеди.

Улыўма билим бериў мектеплеринде оқыўшылар ушын тийкарғы қурал ҳәм билим алыў дереги сабақлық болып есапланады. Бирақ, усы сабақлықта берилген мағлыўматларды оқыўшыларға қандай усыллар менен жеткерилип атыр, оқыўшылар мағлыўматларды қандай дәрежеде өзлестирип атыр?. Бул сораўлар, әлбетте, ҳәр бир оқытыўшыны ойландырыўы тәбийий. Тарийх сабақларында сабақлық пенен ислесиў методлар, шынығыўлар оқыўшыларда тарийхый билимлерди қәлиплестириўге тийкар болады. «Тексттеги қәтелер» шынығыўы оқыўшылардың билиў, өзин сынап көриў, қәтелерди табыўға қызықтырыў бағдарында ҳәрекетлендириўши шынығыў есапланады. Бул шынығыў тарийхты үйрениўде оқытыўшы ушын берилген материалды тереңирек өзлестириў, дәлиллерди анықластырыўды арттырыў жумысында ең нәтийжели ҳәрекетлендириўши усыл болып табылады. Оларды билим бериўши-шаршаўды шығарыўшы ойынларында, тәкирарлаў-улыўмаластырыўшы, сабақларда, өзбетинше жумысларда қолланыў мүмкин. Тексттеги қәтелер оқытыўшы тәрепинен түрлише мазмунда ҳәм көлемде дүзилиўи мүмкин. Текст пенен ислесиўди түрлише шөлкемлестириў мүмкин. Егер ўақыт жетерли болса, қәтелерди таўып, оларды дүзиўлеп жазыўға тапсырма бериледи, егер ўақыт аз болса тек тексттеги қәтелерди анықлап оларды белгилеп қойыў мүмкин. Текст пенен ислесиў жумысының дәслепки басқышында мүмкиншилиги болғанынша оның орынланыўы бойынша тахтаға қәбилетли оқыўшыларды шақырып текстти даўыслатып оқытыў ҳәм тексттеги табылған қәтелерге кең түрде тәрип бергизиў мүмкин. Қадағалаўдың бундай түри оқыўшыларда қызығыўшылық оятыўы сөзсиз.

Солай екен, тарийх сабақларында берилген материалдың оқыўшылар тәрепинен өзлестирилиўи дәрежесине сабақтың дурыс шөлкемлестирилиўи, оны жеткерип бериў методлары ҳәм усылларының темаға сәйкес таңланғанлығы, оқытыўшы тәрепинен олардың нәтийжели қолланылыўы әҳмийетли роль ойнайды.

Жуўмақлап айтқанда, көрип өтилген интерактив методлар сабақтың көргизбели болыўын тәмийинлеў менен бирге оқыўшылардың ойлаў, пикирлеў, есте

сақлаў қәбилетлерин раўажландырады ҳәм тарийхый билимлерин қәлиплестириўге тийкар болады. Сондай-ақ, улыўма орта билимлендириўдиң мәмлекетлик билимлендириў стандартында белгилеп қойылған таяныш ҳәм пәнге тийисли компетенцияларды қәлиплестириўге жәрдем береди.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Умумий ўрта, ўрта махсус таълимнинг давлат таълим стандартини тасдиқлаш тўғрисида"ги 187-сон Қарори (2017 йил 6 апрель).
2. Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтиң Олий Мажлиске Мүрәжаты, 2020-жыл 24-январь.
3. Ишмуҳамедов Р., Юлдашев М. «Таълим ва тарбияда инновацион педагогик технологиялар». -Т.: «Ниҳол», 2013.
4. Жуманиёзова М. Тарих дарсларида интерфаол методлардан фойдаланиш (методик қўлланма). -Т.: 2005.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада педагогик технологияларнинг афзалликлари тўғрисида хулосалар чиқарилган ва тарих дарсларида интерфаол методлардан фойдаланиш усуллари кўрсатиб ўтилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются преимущества использования педагогических технологий и интерактивных методов на уроках истории.

**SUMMARY**

The article deals with the advantages of using pedagogical technologies and interactive methods at the lessons in History.


## ГЕОГРАФИЯ САБАҚЛАРЫН ОҚЫТЫЎДА ӨЗБЕТИНШЕ ТАПСЫРМАЛАРДЫ ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ


**Г.Ө.Жиемуратова –** *үлкен оқытыўшы*

*Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў Аймақлық орайы*

**Г.А.Ходжаева –** *география илимлериниң кандидаты*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** инновацион, креатив, стандарт, озон, методика, PISA, стратегия, материк, океанлар.
**Ключевые слова:** инновация, креатив, стандарт, озон, методика, PISA, стратегия, материк, океаны.
**Key words:** innovation, creative, standard, ozone, methodology, PISA, strategy, continent,ocean.


Бүгинги күнде билимлендириў тараўын жоқары дәрежеге көтериў ушын мәмлекетимиз тәрепинен жаратылып атырған имканиятлар жүдә үлкен. Бул имканиятларды жаратып бериўдиң тийкарғы мақсети келешек жасларымызға сыпатлы билим бериў екенлиги ҳешкимге сыр емес.

Президентимиздиң мәмлекет басшысы сыпатында өз искерлигиниң дәслепки күнлеринен баслап-ақ елимизде инновацион ҳәм креатив пикирлейтуғын заманагөй кадрлар таярлаў, жасларды ўатансүйиўшилик руўхын, жоқары мәнаўият ийелери етип тәрбиялаў, сол мақсетте билимлендириў тараўын еле де жетилистириў мәселелерине айрықша итибар қаратып келмекте. Олардың айқын бир мысалы «Өзбекстан Республикасын және де раўажландырыў бойынша ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында»ғы 2017-жыл 7-февральдағы ПФ-4947-санлы пәрманы менен тастыйықланған «2017-2021 жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес жөнелиси бойынша «Ҳәрекетлер стратегиясы» шеңберинде Өзбекстанда билимлендириў сыпатын баҳалаўда жаңа мониторинг системасын халықаралық баҳалаў бағдарламалары жәрдеминде анықлаў ҳәм оларға тийкарланған системаның қәлиплестирилиўин айтып өтсек болады [1]. Бунда мәмлекетимиз 2021-жылы PISA халықаралық баҳалаў бағдарламасында қатнасыў көзде тутылмақта. Бул бағдарламада қатнасыўдың тийкарғы мақсети тестлерди өткериў яки оқыўшыларды тестке таярлаў емес, оқыўшыларымызда XXI әсир көнликпелерин қәлиплестириў, бәсекиге шыдамлы кадрларды таярлаў ушын беккем шараят жаратыў болып есапланады деп көрсетилген. Бундай бағдарламалар оқыўшы жаслардың дөретиўшилик ҳәм креатив пикирлеўи, алған билимлерин турмыста қоллана алыў қәбилетлерине баҳа бериў ҳәм бул көнликпелерди раўажландырыўға бағдарлайды. Бул көнликпелерди раўажландырыў ушын улыўма орта билим бериў мектеплериндеги ҳәр бир оқытыўшы оқыўшыларға сабақ даўамында илимий билимлерди бериў менен бирге оларда кең дүнья қарасты пайда етиў, ойлаў ҳәм өзбетинше пикирлеў көнликпелери арқалы билимге болған қызығыўшылығын раўажландырып барыўы керек. Бунда биринши гезекте оқытыўшының өзинен көп жуўапкершилик талап етиледи.

Сонлықтанда, оқытыўшылар өзлериниң үстинде көбирек өзбетинше излениўи керек. Себеби, оқыўшылар тез пәт пенен раўажланып баратырған дәўирде ҳәр қыйлы жаңалықлардан ҳәм мағлыўмат дереклеринен қәлеген орынларда өзлерине керек билимлерди алады десек қәтелеспеймиз.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде алып барылатуғын өзбетинше жумысларда оқыўшылардың логикалық пикирлеўин раўажландырыў, ақылый қәбилетин, илимий дүнья қарасын кеңейттириў ҳәм ҳәр бир жаңалықты тез ҳәм толық қабыллай алыўы арқалы креатив пикирлеў көнликпелерин қәлиплестириўден ибарат. Сонлықтанда бүгинги күни оқытыўшы билим алыўшының еркин пикирлеўин тәмийинлеў ушын ҳәр қыйлы өзбетинше тапсырмаларды таярлаўы керек. Өзбетинше тапсырмалар арқалы оқыўшылар изленеди, жазады ҳәм жуўмақ шығарыў көнликпелерине ийе болады, ал оқытыўшы тек ғана таяр билим берип қоймастан олардың излениўине мүмкиншилик жаратады. Тилекке қарсы бүгинги күнде оқытыўшылардың көпшилиги ески усылда яғный сабақлықтағы бар болған мағлыўматларды айтып, түсиндирип бериў менен ғана шекленип қалмақта, ол оқыўшыларды өзбетинше пикирлеўден узақластырып, керисинше таяр билимлерди ғана алыўға үйретеди.

Оқыўшылардың өзбетиншелигин арттырыў ушын биринши гезекте оқытыўшының өзи көбирек қосымша мағлыўматларды қосып күнделикли сабаққа таярлап келиўи керек. Оқытыўшы күнделикли сабаққа таярланыў барысында оқыўшылар ушын өзбетинше тапсырмалар таярлайды ҳәм темаға тийисли қосымша мағлыўматларды өзиде излейди. Темаға тийисли таярланған өзбетинше тапсырмалар оқыўшыларды еркин пикирлеўге үйретеди ҳәм оқыўға болған қызығыўшылығын асырады, оқытыўшының сабаққа қызықтыра алыўы болса арқалы оқыўшының тийисли билимлерди пухта өзлестириўине алып келетуғынлығын көриўимиз мүмкин. Биз буннан оқыўшылардың сыпатлы билим алыўында тийкарынан оқытыўшының роли жүдә үлкен екенлигин түсинемиз.

Географ методист алым О.Мўминовтың "Тәбийий география таълими методикасы" китабында "Оқытыўшы ўақтын аямай, үзликсиз рәўиште дөретиўшилик пенен излениўи, қандайда бир нәрсени ойлап табыўы, топлаўы, улыўмаластырыўы, оқыўшыларға қандай да бир жаналықлар бериўи, талап